

Massachusetts Office for Refugees and Immigrants (Biwo Massachusetts pou Refijye ak Imigran) (ORI) ede
òganizasyon yo ki baze sou kominote yo ki atravè Commonwealth la founi èd bay refijye ak imigran malere yo pou
yo vin sitwayen ameriken. Citizenship for New Americans Program (Pwogram Sitwayènte pou Nouvo Ameriken
yo) (CNAP) ede moun ki gen rezidans ofisyèl pèmanan e ki nan Commonwealth la vin sitwayen ameriken.
Pwogam lan founi èd bay moun ki nan 3 lane elijiblite pou yo sa vin sitwayen ameriken. Men sèvis ki founi yo:
Klas ESOL / sivik, èd pou ranpli aplikasyon sou sitwayènte amerikèn, preparasyon pou antretvi ak sèvis sipò yo, an
kontan, men se pa sa sèlman, sèvis entèpretasyon ak rekòmandasyon.

DTA kapab ba ou yon lis òganism ki kapab ede w fè aplikasyon pou sitwayènte amerikèn lan.

Americans with Disabilities Act (Lwa sou Ameriken ki gen Andikap) (ADA)

Si w kwè w gen yon andikap ki anpeche w satisfè kondisyon DTA yo oubyen jwenn aksè nan pwogram Depatman
an, ou gen dwa kalifye pou w resevwa èd dapre Americans with Disabilities Act (**Lwa sou Ameriken ki gen
Andikap**) (ADA). Dapre lwa ADA a, ou ka resevwa èd espesyal oubyen "aranjman rezonab" nan men Depatman
an. Mande DTA a pou 1 ba w plis ransèyman.

Deklarasyon non-diskriminasyon

Ann akò ak lalwa federal, Depatman an paka fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, laj,
andikap, reliyion oswa kwayans politik.

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon, ou ka kontakte biwo sa yo:

Pou plent ki gen rapò ak SNAP:

U.S. Department of Agriculture (USDA)
Director, Office of Adjudication
1400 Independence Avenue, S.W.
Washington, D.C. 20250-9410
1-866-632-9992 (toll-free voice)
202-401-0216 (TDD)

Pou plent ki gen rapò ak TAFDC:

U.S. Department of Health and Human Services
Office of Civil Rights
JFK Federal Building – Room 1875
Boston, MA 02203
617-565-1340
617-565-1343 (TDD)
617-565-3809 (fax)

You may also e-mail your complaint to:
OCRcomplaint@hhs.gov.

Pote plent ou an sou diskriminasyon bay DTA oubyen MCAD a sou sa ki konsène preferans seksyèl oubyen idantite seksyèl.

Department of Transitional Assistance
Legal Division
600 Washington Street
Boston, MA 02111
617-348-8520 (voice)

Massachusetts Commission Against
Discrimination (MCAD)
One Ashburton Place
Sixth Floor, Room 601
Boston, MA 02108
Phone: (617) 994-6000



Commonwealth of Massachusetts
Depatman Asistans Tranzisyonèl

Dwa w pou konnen

Bwochi sa eksplike tout dwa ak responsabilite w genyen si w ap resevwa benefis nan men Depatman Asistans
Tranzisyonèl lan, an kontan benefis Transitional Aid to Families with Dependent Children (Èd Tranzisyonèl pou
Fanmi ki gen Timoun Depandan) (TAFDC), Emergency Aid to the Elderly, Disabled and Children (Èd Dijans pou
Vyeya, Moun ki gen Andikap ak Timoun) (EAEDC), epi/oubyen Supplemental Nutrition Assistance Program
(Pwogram Èd pou Nitrisyon Siplementè) (SNAP). Tanpri li l avèk anpil atansyon. Ou fèt pou w li tou bwochi
pwogram lan pou chak pwogram byen presi pou w sa jwenn enfòmasyon enpòtan. Ou responsab pou w kite moun
nan kòkay ou a konnen règleman pwogram lan ak dwa epi responsabilite yo genyen. Si gen yon bagay ou pa byen
konprann, ou fèt pou w mande DTA eksplike sa ba ou. Si w se yon etranje, asire w resevwa bwochi "What
Noncitizens Need to Know" a (Sa Etranje yo dwe konnen) ak bwochi "Noncitizen Resources" la (Resous pou
Etranje).

Ki responsabilite w genyen

Se pou w:

- bay DTA enfòmasyon ki korèk epi konplè.
- ale nan tout randevou w yo. Si w gen pou w chanje yon randevou, kominike tanpri avèk DTA osito sa posib.
- ranpli revizyon sou elijiblite ki pwogramme yo (yo gen dwa kominike avèk ou nenpòt lè pou lòt rezon).
- fè rapò alekri, nan telefòn oubyen fasafas bay DTA nan 10 jou apre chanjman an rive. Si w pa fè rapò sou
chanjman yo, ou gen dwa pèdi benefis ou resevwa yo. Si w pa fin sèten si w gen pou w fè rapò sou yon
enfòmasyon, sonnen tanpri DTA Assistance Line la nan nimewo 1-877-382-2363.
- kolabore avèk anplwaye gouvènman an ki gen dwa gen pou revize dosye w la.
- kite Depatman an konnen depi ta gen nenpòt chanjman ki gen dwa gen konsekans sou benefis w ap resevwa
yo, an kontan men se pa sa sèlman:
 - ⇒ kantite moun ki rete avèk ou;
 - ⇒ ki kote w rete (adrès lakay ou) ak tout frè sèvis piblik oubyen lojman (an kontan Seksyon 8 osinon lòt
pwogram sibvansyon);
 - ⇒ kouveti asirans maladi w (pa egzanp: si w ap resevwa nouvo asirans maladi nan yon travay oubyen avèk
yon paran ki pa rete avèk ou, oubyen si w pèdi asirans maladi w);
 - ⇒ pou TAFDC, ou dwe fè nou konnen si w pap nan eta a pou plis pase 30 jou; oubyen
 - ⇒ montan revni w, peman sekrite sosyal, lajan kach oubyen pansyon alimantè pou timoun ou resevwa;
oubyen
 - ⇒ nenpòt kòb ou resevwa, tankou nan yon pwosè, yon ansyen peman sekrite sosyal yo dwe w, lajan ou
genyen nan lotri.



Tou depann sou règleman pwogram lan, ou gen dwa gen pou w:

- patisipe nan Work Program lan (Pwogram Travay) oubyen chache yon anplwa; epi
- siyen yon otorizasyon pou pataj dosye medikal ou yo.

Si w ap chèche resevwa benefis pou kay oubyen lojman pubblik, se pou w kominike tanpri avèk Department of Housing and Community Development's Division of Housing Stabilization nan nimewo 1-877-418-3308 (vwa) oubyen 617-573-1140 (TTY).

Ki dwa w genyen

Ou gen tout dwa pou:

- resevwa sèvis avèk jantiyès epi respè;
- ranpli yon aplikasyon;
- enfòmasyon sou dosye w la rete prive;
- gen desizyon ki fèt sou kalifikasyon w pou benefis yo nan 30 jou;
- resevwa yon lèt nan men DTA sou desizyon ki konsène aplikasyon w lan ak chak lè gen yon chanjman nan dosye w la;
- resevwa benefis depi nan dat ou fè aplikasyon an, si w kalifye pou sa;
- yon entèprèt DTA founi, si l nesesè;
- jwenn èd touswit pou manje ak swen medikal, si w kalifye pou sa;
- jwenn èd pou pwoblèm britalite lakay;
- anrejistre pou w vote epi jwenn èd pou w ranpli fòmilè enskripsyon an;
- ale nan apèl si w pa dakò avèk nenpòt ki aksyon ki fèt sou dosye w la (pou w fè yon apèl, ranpli fòmilè a ki nan do lèt ou resevwa nan men DTA; si w pèdi lèt sa se pou w kominike avèk DTA pou w sa jwenn yon lòt fòmilè pou w fè apèl la);
- revize dosye ou a;
- gen yon reprezantan otorize pou ede w; epi
- aranjman rezonab (èd espesyal) si w gen yon andikap.

Kijan pou w resevwa benefis ou yo

W ap resevwa benefis ou yo nan depo dirèk nan kontanbank ou an oubyen nan Electronic Benefit Transfer (EBT). Avèk EBT ou resevwa benefis kach nan ATM (kès otomatik). Ou kapab sèvi avèk benefis kach epi/oubyen SNAP yo nan kès (POS) ki nan makèt ak nan lòt magazen yo. Ou kapab chwazi yon lòt moun ki pou resevwa benefis yo pou ou. N ap rele moun sa a reprezantan oubyen peyè otorize ou a. Se pou w pale ak DTA sou sa. Si w gen yon kontanbank, w ap gen pou w resevwa benefis lajan kach ou atravè depo dirèk.

Itilizasyon enfòmasyon ou yo

DTA gen dwa kominike avèk lòt moun oubyen lòt ajans pou verifye tout enfòmasyon w founi. Enfòmasyon ou bay ap verifye pa ofisyel federal, leta, epi lokal e atravè sistèm verifikasiyon done elektwonik gouvènmantal.

Men kisa w pa gen dwa achte avèk benefis kach ki sou kat EBT ou a

Li ilegal pou w sèvi avèk benefis kach la pou peye pou acha oubyen sèvis ki annapre la yo; gwòg, desizyon yon tribunal ki presize frè, amanm, kosyon oubyen kosyonnen, zamafe ak minisyon, jwèt daza, bijou, biyè lotri, pèfòmans oubyen materyèl pòno, tatou oubyen pèsaj nan kò, pwodwi tabak, oubyen sèvis vakans oubyen televizyon, estereyo, jwèt video oubyen konsòl nan magazen kote w lwe yon atik jouk tan fin peye pri li vo a.

Ki kote w pa gen dwa achte avèk benefis kach ki sou kat EBT la

Li ilegal pou w sèvi avèk benefis kach nan; libreri pòno, magazen bataklan, etablisman ki ofri pèfòmans pòno, vandè zamafe ak minisyon, kazino pou jwèt daza oubyen lokal pou jwèt daza, bato kwazyè, magazen bijou, magazen gwòg, salon maniki oubyen salon bote, ajans transfè nan peyi etranje osinon salon tatou.

Penalite pou dezobeyi lwa sa a kapab:

Premye enfraksyon: W ap gen pou w ranbouse DTA pou valè atik oubyen sèvis yo.

Dezyèm enfraksyon: W ap gen pou w ranbouse DTA pou valè atik oubyen sèvis yo EPI wap pèdi èd kach la pou de mwa.

Twazyèm enfraksyon: W ap gen pou w ranbouse DTA pou valè atik oubyen sèvis yo EPI wap pèdi èd kach la nèt ale.

Pou w fè rapò sou kokinay oubyen sou yon acha osinon vant ki entèdi, sonnen nimewo 1-800-372-8399.

Enfòmasyon enpòtan pou ranplasman kat EBT ou a

Nenpòt kliyan DTA ki resevwa yon total 4 osinon plis kat EBT sou lespas 12 mwa dwe pale avèk responsab dosye pa yo a anvan pou yo resevwa yon lòt kat. Sou baz diskisyon sa a, DTA gen dwa fè yon ankèt pou sèten pa gen okenn kokinay ki fèt.

Frè pou ranplase kat EBT a pou kliyan SNAP, TAFDC, ak EAEDC

DTA fè peye yon frè \$5 pou ranplasman kat EBT yo. Frè \$5 sa a ap wete nan benefis ou resevwa yo lè w mande pou yo ranplase kat ou a. Si w ap resevwa benefis kach, n ap wete frè a anvan sou benefis kach ou resevwa. Si w pa gen okenn benefis kach ki disponib, n ap wete frè a sou benefis SNAP ou resevwa, si genyen. Si w pa gen okenn benefis ki disponib, DTA ap pran frè a sou ou nan yon lòt lè.

Itilizasyon nimewo sekirite sosyal

Moun nan kòkay k ap fè aplikasyon pou yo sa resevwa èd, blije bay DTA nimewo sekirite sosyal pa yo a. Nimewo sa yo ap verifye. Moun nan kòkay ki pa gen nimewo sekirite sosyal ap gen pou yo ale nan biwo lokal administrasyon sekirite sosyal pou yo fè aplikasyon pou youn si yo pa ko fè sa.

Lè w siyen non w sou aplikasyon an, ou bay DTA pèmisyon pou l sèvi avèk nimewo sekirite sosyal kòkay ou a pou l siveye dosye w la epi anpeche n resevwa benefis plizyè fwa.

Pou sa verifye enfòmasyon ou bay la, DTA gen dwa matche tout nimewo sekirite sosyal moun nan kòkay ou a avèk dosye :

- nenpòt ajans federal, leta a, konte a, oubyen lokal;
- bank ak lòt etablisman bankè;
- founisè sèvis nan Depatman an; ak
- lòt ajans oubyen enstitisyon jan lalwa pèmèt sa.

Moun ki pa sitwayen

Pou ka elijib pou resevwa benefis TAFDC, EAEDC oswa SNAP, moun ki pa sitwayen dwe verifye yo nan peyi Etazini legalman. Si w ta gen nenpòt kesyon konsènan estati moun ki pa sitwayen, mande responsab ka w la.

Daprè règ TAFDC ak SNAP, yon moun ki pa sitwayen epi li pa kapab oswa li pa vle bay enfòmasyon sou estati imigrasyon li oswa nimewo sekirite sosyal li akoz estati imigrasyon li pa bezwen fè sa. Sepandan, moun sa a ki pa sitwayen an pap elijib pou l resevwa benefis. Lòt moun ki abite nan kay la ka toujou resevwa benefis.

Si w vin yon sitwayen ameriken, ou ka elijib pou resevwa benefis federal tankou Revni Sekirite Siplementè (SSI). Jeneralman ou ta dwe yon rezidan pèmanan pandan senk an (twazan si w marye avèk yon sitwayen ameriken) anvan w elijib pou sitwayènte. Ou ka aplike 90 jou anvan w satisfè kondisyon senk an an.